

Potrét Abiturén PPG UIN Bandung

Ku Dr. H. Tatang Ibrahim, M. Pd
 Dosén Prodi Manajemén Pendidikan Islam
 FTK UIN Sunan Gunung Djati Bandung, Dumuk di Ciamis

Robahna noménklatur IAIN (Institut Agama Islam Negeri) Sunan Gunung Djati Bandung jadi Uinversitas Islam Negeri (UIN) Sunan Gunung Djati Bandung ti mimiti 10 Oktober 2005 (Perprés RI No. 57 Taun 2005/6 Ramadhan 1426 H) tangtu kudu nambah kamajuan. Kukituna *jargon* nu di gagas ku Prof. Dr. H. Nanat Fatah Natsir, MS. "Wahyu Memandu Ilmu" nu diwengku ku ahlak karimah, mingkin payus jeung kaayaan jaman.

Konsép "Wahyu Memandu Ilmu", hartina ngaleungitkeun *dikhotomi* antara élmu agama jeung élmu umum dumasar kana Al-Qur'an Surat Ali Imran ayat 190-191 : "Saenyana dina diyugakeun langit katut bumi pilih gentina peuting jeung beurang téh, jadi ayat-ayat (tanda-tanda kakawasaan Allah) pikeun jalma-jalma anu boga iman. (Nyaéta) jalma-jalma Nu inget ka Allah bari nangtung, bari diuk, bari nyangkeré, bari mikiran perkara diyugakeunana langit katut bumi, bari nyarita: "Nun Gusti Pangéran abdi sadaya ! Gusti henteu ngayugakeun ieu sadaya kalayan teu kantenan gunana. Maha Suci Gusti ! Ku margi éta mugia Gusti ngajaring abdi sadaya tina siksaan seuneu naraka" (QS. Ali-Imran: 190-191).

Dumasar kana ayat di luhur, atuh sakabéh sivitas kudu nyekrup jeung paham kana jargon "Wahyu Memandu Ilmu", kabéh élmu sagem-blengna tina Al-Qur'an. Hal ieu nu jadi *distingsi* (béda) na antara UIN Sunan Gunung Djati Bandung jeung jeung lain. Hartina, UIN Sunan Gunung Djati Bandung boga tarékah lain pikeun ngahontal cita-citana anu luhung, nu ayeuna geus ngabukti jadi PTKIN pangonjoyna sa Indonesia numutkeun **Webometrics**, (Juli 2021 sa Sanggabuana 3919, Nasional 38, sa PTKIN ka-1)



Kaasup 775 mahasiswa PPG nu ayeuna keur digodog di LPTK FTK UIN Sunan Gunung Djati Bandung lian kudu jadi guru profésional ogé kudu paham kana jargon Wahyu Memandu Ilmu. Opat kompetensi guru (kompeténsi pedagogik, kompetensi kepribadian, kompetensi sosial, jeung kompetensi profésional) kudu payus jeung jargon Wahyu Memandu Ilmu.

Ngeunaan kompetensi pédagogik, guru kudu miboga tata cara ngajar nu alus supaya dipikayungyun ku para murid, ngajar maké seni, teu padu méré pangajaran wungkul, da matak bosenen. Ngajar kudu maké haté, sabab ku haté siswa bakal kabuka jiwana, élmunu manfaat dunya rawuh akhérat.

Kitu deui kompetensi kepribadian, guru kudu boga pribadi pikaunteungeun murid. Aya paribasa yén "guru digugu jeung ditiru", éta téh éstuning guru kudu jadi poros perhatian murid, Sabab ucap langkah katut rérént jeung delékna guru dianggap saciduh metu saucap nyata. Tausiyah guru bakal matri dina ati sanubari murid. Malah kadang murid sok leuwih percaya ka

guru batan ka kolotna sorangan, éta téh bakating matihna ucapan guru. Guru kudu boga rasa kameumeut ka anak didik, méré naséhat lemah lembut, teu barangasan, jeung ulah boga rasa dengki. Hadé basa, hadé haté, tumplekeun ka anak didik, anggap "murid anaking, jiwa awaking".

Kompeténsi sosial, guru ogé kudu miboga rasa sosial, "sarasa saphihanéan", basa alus ka dulur, alus ka batur, kitu deui ka sasama guru. Dina kitab Ta'lim Muta'alim disebutkeun basa lemes ka batur mangrupakeun panto rizki bakal muka.

Nu pang akhirna kompetensi profésional. Guru kudu pinter, calakan, masagi dina sagala-galana. Paham kana élmu nu dibikeun ka murid, henteu mang-mang, pas jeung haté, cocog jeung téorina supaya henteu *miskonsépsi*. Lamun guru salah mikeun konsépna, kadituna bakal salah terus, cacag nangkaeun. Dina kitab Ta'lim Muta'alim disebutkeun guru kudu bisa ngabangkitkeun sumanget murid supaya diajar terus-terusan jeung ulah poho kana élmu agama.

Kangjeng Nabi Muhammad SAW ngadawuh "Néangan élmu hukumna wajib pikeun kaum muslimin lalaki jeung awéwé" (Kitab Ta'lim Mut'alim). Jalma nu daék diajar (daék néangan élmu), éta jalma geus ngapimilik alam katukang, tapi jalma nu teu daék néangan élmu, hakékatna keur ngagali liang kuburna sorangan. Tapi jalma nu sok diajar terus-terusan (*istiqomah*) éta jalma bisa miboga alam pikahareupun, hartina bisa nganjang ka pagéto. Tah Potrét PPG UIN Sunana Gunung Djati Bandung kudu bisa nyiptakeun murid nu bisa nganjang ka pagéto.